

Konsèy Administrasyon an

Eliza Anderson, Prezidan
David Boghossian, Vis-
Prezidan
Stefanie Dhand, Trezorye
Uche Amaechi
Elizabeth Bartle
Timothy Bianchi
H. Theodore Cohen
Jose Juves
Kevin Kielbasa
E. Amory Loring
Lisa Pullman
Alexander Saltonstall
Gwen Thorne
Steve Vinter

24 dawout 2017

Chè Elèv, Paran, ak Gadyen,

Nouvo manm pèsònèl la ak pwofesè yo te retounen nan dat 14 dawout epi manm pèsònèl ak pwofesè ki te la deja yo te vin jwenn nou nan 17 dawout. Semèn pase a te ranpli – rankont avèk nouvo kòlèg yo, aprantisaj, pratik, ak eksitasyon pou ane k ap vini an. Apre repo ak somèy, fen dete a jwenn tout moun byen fre. Nou tout ap plonje tèt devan nan prepare ane eskolè sa a epi lis bagay nou gen pou nou fè yo long. Sepandan, n ap gen tan pare pou elèv yo lè yo rive nan mèkredi, 30 dawout pou premye jou lekòl la epi nou pa ka tann pou nou swete yo labyenveni ankò sou kanpis la.

Mwen te vle ekri mesaj kout sa a pou kominike eksitasyon nou *ak* kèk enfòmasyon enpòtan anvan kòmansman ane a. Tanpri li enfòmasyon ki pi ba yo atantivman epi rele nou oswa voye yon imèl pou nou oswa pase kote nou si ou gen kesyon oswa si gen nenpòt ki bagay ki twouble ou. Pran tan pran kontak avèk konseye pitit ou a! Si l ap kontinye jwe wòl sa a pou pitit ou a, apiye sou relasyon ki la deja a epi diskite sou espwa ou genyen pou ane k ap vini an. Si li nouvo, ede li fè konesans ou ak pitit ou a, sa k ap siman ede nan jou ak mwa k ap vini yo.

• **Lojistik pou 1ye Semèn nan**


- o Madi, 29 dawout se babekyou rantrè eskolè a. 4:00PM. N ap bay anmbègè vyann bèf ak vejetaryen epitou otdòg. Tanpri pa ezite pote lòt pla pou separe.
- o Mèkredi, 30 dawout se *premye* jou lekòl la. N ap lage a 1:30PM.
- o Jedi, 31 dawout se *dezyèm* jou lekòl la ki tout jounen.
- o Madi, 5 septanm se *twazyèm* jou lekòl la ki tout jounen.
- o *Pran nòt: P ap gen lekòl nan vandredi, 1ye septanm ak nan lendi 4. Pwofite wikenn konje a.*

- **Kafe avèk Chèf Etablisman yo** -- Madan Norris (Chèf Etablisman Premye Sik Segondè a) ak Misye Nomani (Chèf Etablisman Dezyèm Sik Segondè a) yon fwa ankò ap òganize regilyèman yon lè pou pran kafe. Sa pral kontinye yon bèl opòtinite pou paran yo ak gadyen yo poze kesyon ak ofri lide. Tanpri make almanak ou pou vandredi, 6 oktòb a 8:45 AM. N espere n ap wè ou la.
- **Kòmans An Reta** – Ane sa a pou premye fwa, CCSC gen dwa chwazi retade kòmansman lekòl la baze sou kondisyon meteyo. Opsyon sa a ta dwe bon pou paran/gadyen yo, elèv yo, pwofesè yo, ak elèv yo. N ap bay plis enfòmasyon sou sa lè ivè a pi pre. Premye priyorite CCSC se ap toujou sekirite elèv yo a pèsònèl la.
- **Nitrisyon** se yon eleman esansyèl nan reyisit elèv yo lekòl. CCSC ap kontinye patisipe nan plan Dispozisyon Kalifikasyon Kominote an (Community Eligibility Provision). Nou ofri *chak* elèv dejene eskolè ak manje midi eskolè gratis pou fanmi an. Sepandan, *ou dwe toujou kòmande repa a alavans* pou li kapab disponib pou elèv yo. Ap gen enfòmasyon sou Pwogram Nasyonal Alimantasyon Eskolè a (National School Lunch Program), ak sou Pwogram Dejene Eskolè a (School Breakfast Program) (sa gen ladan meni masyèl, dènye delè pou kòmande ak kijan pou w kòmande) disponib sou sit wèb nou an.
- **Lekti Dete** – Verifye devwa lekti a dwe fin fèt anvan premye jou lekòl la!
- **Orè Elèv yo** – Gen yon lis kou pitit ou a pou Otòn 2017 la ansanm avèk lèt sa a. Si ou gen kesyon oswa bagay k ap trakase ou sou orè pitit ou a, tanpri rele lekòl la nan 617-354-0047.
- **Orè Otobis la** (pou elèv k ap sòti nan Cambridge epi ki ant 6yèm ak 8yèm ane yo): Gen yon lòt lèt ansanm avèk lèt sila a k ap mete ou okouran arè otobis pitit ou a oswa si li pa kalifye pou sèvis otobis, selon sa depatman transpò Cambridge Public Schools la detèmine. Si estati transpò pitit ou a ap trakase ou, tanpri kontakte Tina Fisher nan Cambridge Public Schools nan 617-349-6862, oswa Toni-Ann Squillante, Kowòdonatè Biwo Resepsyon Bent Street CCSC la nan 617-354-0047. *Tanpri pran nòt sèvis otobis la p ap kòmans anvan 5 septanm, apre Fèt Travay la.*
- **Lis founiti a** te afiche an jen epi l ap rete anliy pou w gade ak telechaje.
- **Konseye pitit ou a** pral kontakte ou anvan ane eskolè a kòmans. Konseye yo ap kontinye jwe yon wòl esansyèl nan kominote nou an. N espere konseye pitit ou a ap yon resous solid ak yon defansè pou pitit ou a pandan l ap pwogrese nan tan l ap fè avèk nou an.
- **Absans:** Si pitit ou a pral absan, tanpri rele CCSC nan 617-354-0047 anvan 8:40AM, epi mete nou okouran rezon absans li a. Si nou pa tande ou disi 8:40AM, n ap kontakte nimewo telefòn lakay ak selilè yo epitou adrès imèl nou gen nan dosye nou an pou chèche ransèyman sou absans pitit ou a. Tanpri verifye ou bay CCSC nimewo telefòn lakay, travay oswa lòt nimewo dijans kòrèk kote nou kapab kontakte ou pandan jounen lekòl la.

- **MBTA** – Gen pas renoublab disponib pou elèv yo a yon pri \$30 chak mwa almanak. Kat yo dwe achte/renouvle anvan premye jou mwa a pa lajan kach oswa chèk alòd *Community Charter School of Cambridge*. Ou gen dwa peye alavans si ou vle. N ap aksepte peman pou pas septanm yo kòmanse 30 dawout, (premye jou lekòl la). Pas septanm ki deja fin peye nan dat 31 dawout yo ap disponib 5 septanm, (premye jou retou nan lekòl la apre wikenn Fèt Travay la). Tout lòt pas ki deja peye yo ap distribye disi 48 èdtan apre nou fin resevwa peman. Dènye delè pou achte pas septanm yo se mèkredi 6 septanm a 1:30 pm. Nou p ap kapab aksepte peman apre 6 septanm. W ap jwenn plis enfòmasyon sou nouvo Pwogram Pas pou Elèv MBTA a (dènye delè pou peman mansyèl yo tou) sou sit wèb nou an. Si ou gen kesyon, tanpri kontakte Madan Smith nan ekstansyon 201.
- **Rad WAM** – Ou kapab kòmande inifòm Byennèt ak Mouvmman yo, ke elèv yo mete jou yo gen WAM yo (epi *sèlman* jou elèv yo gen WAM), dirèkteman nan men Side Hustle Designs. Sit wèb nou an gen plis enfòmasyon.
- **PGA/SEPAC** – Nan dat madi, 12 septanm, CCSC ap òganize premye reyinyon Asosyasyon Paran ak Gadyen (Parent Guardian Association, PGA) ak Komite Konsiltatif Paran Ansèyman Espesyal (Special Education Parent Advisory Council, SEPAC) nan ane a pou diskite sou chanjman nan politik, orè, rekritman ak lòt enfòmasyon nouvo fanmi ak fanmi ki te la deja yo bezwen konnen. Toude gwoup sa yo, ki akeyi tout paran ak gadyen CCSC, ofri resous ak enfòmasyon pou pèmèt paran ak gadyen ede elèv yo reyisi, epi pou fasilite kominikasyon konstan avèk administrasyon ak kò pwofesè lekòl la. Ou kapab jwenn plis detay sou evènman an sou sit wèb nou an, sou Facebook, ak gras a apèl rapèl yo lakay ou.

N ap travay pou garanti CCSC se yon anviwònman akeyan pou paran yo ak gadyen yo. Soutyen ou ak kolaborasyon ou nan travay sa a nesèsè. Pwofite fen ete a epi pran yo ti tan al bò lanmè si ou kapab. Kòm toujou, n ap anchante wè pitit ou an lè li rive pou premye jounen n ap pase ansanm nan.

Sensè salitasyon,



Caleb Hurst-Hiller
Direktè Lekòl la